Ассаламу гIалайкум!

# ЛъаратIа

ГАЗЕТА «ТЛЯРАТА»

ЛъаратIа районалъул газета

Газета биччала моцIида жаниб цо нухалъ.

№ 2
февраль 2022 с.
* * *
РАДЖАБ
1443 х
* * *
Багьа 10 гъ.

*Данделъи*

## БецIаб заман лъугIун гьечIо





**Исана хасел ЛъаратIа районалъул жамагIаталъе лъугьана хасго захIматаблъун. КIиго моцIида жаниб щибаб къоялъ кIи – кIи сагIаталъ къалеб букIана тIолабго районалда ток. ГIицIго райбольница хутIун. Гьеб суалалда сверухъ районалъул щибаб рокъоб, къватIахъ, ашбазазда ва социалиял гьиназда букIана хIалуцараб кIалъа – басай. Ахиралда, районалъул тIасияб мухъалъул жамагIаталъул хIукму ккана гьеб суалгун районалъул нухмалъиялъухъе ине.**

ТIасияб мухъалъул щибаб росулъа цо-цо, кIи-кIи чи щвана районалъул хIакимзабигун дандчIвазе. Гьез тIалаб гьаруна нухмалъиялдаса жавабал. Щай щибаб сардилъ кIиго сагIаталъ ток къалеб? Щиб гьелъие аслияб гIилла? Лъица жаваб кьезе кколеб ва кин роцIцIине кколеб гьеб суал?

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ГIабдулаев, ЛъаратIа РЭСалъул нухмалъулев Къурбан ХIайдаров, районалъул бетIерасул заместитель Рамазан ГIабдулхаликъов, росабазул бегавулзаби ва идарабазул церехъаби. Районалда токалъул рахъалъ бугеб аxIвал – хIалалъул тIоцебе бицана Къурбан ХIайдаровас. Гьесул рагIабазда рекъон, «Дагэнерго» компаниялъ ЛъаратIа ва БежтIа мухъалъе бихьизабураб хасаб къадар бугила токалъул хIубазул, кваразул ва цоги материалалъул. Гьелда рекъон хIалтIи гьабулеб бугила ЛъаратIа РЭСалъул хIалтIухъабаз.

ГIарац кьолеб гьечIила жодохъе гIицIго къарегIараб материал гурони. 2021 соналъ ЛъаратIа районалъе бихьизабун букIанила кинабниги 450 токалъул хIуби, 16 км токалъул квар, 3 цIияб гьитIинаб трансформатор ва гIиси – бикъинал хIажатал жал. Гьелда рекъон гьабун бугила хIалтIи ва районалда 34 трансформаторалда гьабунила тех осмотр. Гьединго Къурбан ХIайдаровасул пикруялда рекъон, Анцухъ бугеб 10 000 Ква трансформаторалъ хIехьезе кIолеб гьечIо хасало бугеб напряжение. Гьоркьисеб соналда дандеккун исана 38% цIикIкIун ток бухIулеб бугила районалъ. ГьедигIанаб къадаралъе Анцухъ подстанциялда къваригIун бугила 18 000 Ква - ялъул трансформатор. Гьеб гуреб Къурбаница къураб баянalda рекъон,

**Къурбан ХIайдаров:** «Токалъул хIалтIухъабазда цебеккунго лъазе кIолеб гьечIо кигIан къадаралъ цIикIкIун ток бухIизе бугеб хасало районалъ, араб соналда данде ккун. Гьелъул хIасилалда ккараб буго гьаб суалги. Гьоркьисеб соналъ гIолеб букIана 10 000 Ква трансформатор. Исана 38 проценталъ цIикIкIун буго бухIулеб токалъул къадар. Гьединлъидал, бакI – бакIазда кIи – кIи сагIаталъ ток къай гурони тIокIаб батIияб нух гьечIо трансформатор бухIичIого цIунизе. Гурони тIолабго район хутIизе буго хасало ток гьечIого».

Районалъул бетIерасул заместитель Рамазан ГIабдулхаликъовасул пикруялда рекъон, исана ток бухIи цIикIкIиналъе аслияб гIилла бугила районалда токалъ рукъзал хинлъизабулеб система хIалтIизаби.

**Рамазан ГIабдулхаликъов:** « Чанго соналъ цебе, радал вахъараб ЛъаратIа росулъ бихьулаан щибаб рукъалдаса къватIибе унеб тIеренаб кIкIуйдул мухъ. Щибаб лъагIалидаса гьел кIкIуйдул мухъал дагьлъулел руго. Исана цониги гьечIо. Гьелдаса лъалеб буго щибаб рокъоб хIалтIизабулеб буго токалъ хинлъи кьолеб система. Гьелъ цIала гIемераб ток ва гьелъул хIасилалда цIикIкIун бухIулеб буго ток цересел соназда данде ккун. Законалда рекъон гьеб гьукъизеги бегьуларо рихьизарурал тIалабазда рекъон хIалтIизабулеб батани».

Районалъул бетIер МухIамад ГIабдулаевас кIалъай гьабуна гьеб суалалда хурхун. Гьесул пикруялда рекъон, цебеккун гьеб масъала бихьизе ресги букIинчIо хасел бачIинегIан. Гьединлъидал жамагIаталъ сабур гьабизе кколеб бугила дагьаб дунял хинлъизегIан. Районалъул нухмалъи чанцIулго щванила республикаялда министерствоязда гьеб суалалъ.

**МухIамад ГIабдулаев:** «Республикаялда гьеб суалалъул жавабиял идарабазулгун къотIи гьабуна ЛъаратIа районалъул нухмалъиялъ трансформатор хисизе. Дагьалъ балагьун чIечIого рес гьечIо дуниял хинлъизегIан. Гурони, хасало цIорораб мехалъ гьеб хIалтIи гьабизе лъугьани кIиго анкьалъ ток гьечIого хутIизе буго район. ХIукму гьабун буго гьеб хIалтIи апрелалъул байбихьуда гьабизе» - ян абуна МухIамад ГIабдулаевас. Данделъиялде щвараб жамагIаталъ баркала кьуна районалъул нухмалъиялъе дандчIвай гIуцIиялъухъ ва цере чIарал суалал гьоркьор лъеялъухъ.

**Расул АБАКАРОВ**

*Культура*

## АНКЬРАКЬАЛЪУЛ МАДАНИЯТ

**ЛъаратIа районалъул Культуралъул управление Дагъистаналъул искусство бокьулезда лъала, республикаялдаго бищунго лъикIазул цояб хIисабалда. Гьелъул гьунарчагIазул цере рахъиназ хIайран гьаруна республикаялъулги, улкаялъулги, хIатта, къватIесел пачалихъазулги маданият ( культура) бокьулел чагIи.**

Гьелъие нугIлъи гьабула районалъул гьунарчагIазул коллективалъе щварал рикIкIен гIемерал дипломазги шапакъатазги. Лъидаха лъаларей гIажаибаб берцинаб гьаракьалъул, машгьурай кочIохъан, Дагъистаналъул культураялъул МустахIикъай хIалтIухъан, мунагьал чураяй Марият МухIамадгIалиева, бергьараб гьунаралъул кьурдухъан Пахрудин Нурудинов, машгьурал кочIохъаби ГIабдула ГIабдулаев, Жамилят МухIамадгIалиева, такрарлъи гьечIеб гьунаралъул зурмихъан АхIмад ИсмагIилов, тIубараб гIумруго районалъул культураялъул хIалтIуе кьурал ГIабдулаев ГIумарасхIаб, АхIмадов Даитбег, МухIамадова Зайнаб, "ЛъаратIа" ансамблялъул гьунарчагIазул цIарал ва гIемерал соназ управлениялъе нухмалъи гьабурав Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан АхIмад ХIайбулаев ва ГIубайдула ИсмагIилов.

Районалъул культураялъул управлениялъул киназдего гIунтIун бергьенлъабиги тарихалда цIар араб машгьурлъиги гьав кIиясулго заманалда щварал руго.

1980 соналда Дагъистаналъул Халкъияв артист, цIар рагIарав кьурдухъан ва хореограф Джамалудин Муслимов вачана доб мехалда районалъул бетIерлъуда вукIарав Джаватхан ГIалихановас районалъул искусствоялъул хIалтIи борхизабизе. Доб мехалда гIуцIараб кьурдул ва фольклоралъул "Джурмут" ансамблялъул кутакалда цIар тIибитIана ва хIисабтун гIемерал фестиваластдаги конкурсаздаги хиси гьечIого цересел кьеразулъ букIана дол соназда.

Араб соналъ ЛъаратIа районалъул культураялъул Управлениялъе нухмалъи гьабизе ячIана гIемерал соназ районалъул бетIерасул заместительлъун хIалтIарай, районалъул гIумруги, гIузрабиги,тарихги кутакалда лъикI лъалей, хIалбихьи цIикIарай ва жигарай хIалтIухъан СагIидова Мадина Ибрагьимовна. БачIинахъего гьелъ Управлениялъул жаниселги къватIиселги гIунгутIабазул кьучIаб анализ гьабуна, церелъурал масъалабазул ракIунтун хал гьабуна ва тIоцебесеб ираагида гьаризесел ишал хIисабалде росана. Гьел гIумруялде рахъинаризе къваригIарал тIалабал тIуразелъун чанцIулго дандчIвана районалъул бетIер МухIамад ГIабдулаевгун.

КIиязго цадахъ рекъон гIуцIана районалъул культураялъул хIалтIи цебетIезабизе гIатIидал ресал кьолеб программа. Гьел тIураялъе хIажатал суалалги кьочIое росун, дагьал цересел къоязда районалъул Халкъияб Собраниялъул депутат СултанахIмад Ибрагьимовгун цадахъ дандчIвана Дагъистаналъул Культураялъул министр Зарема Бутаевагун.

РакI рагьараб ва разияб дандчIваялда Мадина СагIидовалъги СултанахIмад Ибрагьимовасги министралъе бицана ЛъаратIа районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIулги, гIумруялъулги ва церечIарал захIмалъабазулги. Министр Зарема Бутаева кIваркьун гIенеккана ва тIаде босана нахъбахъичIого кIвараб кумек гьабизе ЛъаратIа районалъул культуралъул управлениялъе.

Мадина СагIидовалъ жиндирго хIалтIи ракI унтун, районалъул культура борхизабизе щулияб таваккалгун гьабулеб букIиналъе нугIлъи гьабула 18 февралалда МахIачхъалаялда гьелъ гIуцIараб районалъул культураялъул тарихалда жеги букIинчIеб,районалдаги район бахун къватIирги гIумру гьабун ругел лъебелазул маданияталъул( культура) ва адабияталъул ( литература) хIарактчIагIазулгун дандчIваялъ.

*Ахир 2 аб. гьум.*

*ДандчIвай*

## СанигIортIа росулъ цIияб школа базе буго

**Дагьалъ цебе ЛъаратIа районалъул нухмалъиялъ дандчIвай гьабуна республикаялъул лъайкьеялъул министрасгун. Гьениб гьоркьоб лъуна СанигIортIа росулъ цIияб школа баялъул суал.**

ЛъаратIа районалъул бетIер МухIамад ГIабдулаев, районалъул финансовияб идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабасов ва СанигIортIа гьоркьохъеб школалъул директор ГIабдурахIим АхIмадов данд чIвана республикаялъул лъайкьеялъул министрасул ишал тIуралев ЯхIя Бучаевгун. Гьениб гьоркьоб лъуна СанигIортIа росулъ цIияб школа баялъул суал.

Районалъул хIакимзабазул рагIабазда рекъон, ГАУ РД « Республиканский центр по сейсмической безопасности» абураб хасаб комиссиялъ чIезабун буго, СанигIортIа гьоркьохъеб школалъул минаялда жанир дарсал кьезе хIинкъи бугеблъун. ГьабсагIаталда школалда цIалулел руго киналниги 80 цIалдохъаби.

*Ахир 2 аб. гьум.*

Культура

# АНКЬРАКЬАЛЪУЛ МАДАНИЯТ

*Байбихьи 1-аб. гьум .*

Ралъдал рагIалда бугеб ракьцоясул берцинаб "Охотник" рестораналда гIуцIарабданделъиялдагIахьаллъигьабуна Районалъул Халкъияб Собраниялъул депутат цIар рагIарав спортсмен, Дунялалъул чемпион СултанахIмад Ибрагьимовас, Гъизляр районалъул Халкъияб Собраниялъул депутат, ракьцояв ГIабас Къебедовас, Дагъистаналъул Халкъияв артист машгьурав кочIохъан Къурбан КIулизановас, районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Асильдар ШагIбановас, ЛъаратIа культурияб рукъалъул нухмалъулев ГIабдула ГIабдулаевас, шагIир ва кочIохъан ГIалихIажи МухIамадовас, гьединго машгьурал кочIохъаби ТIавус МухIамадовалъ, Даку ХIажиевас, Шахмардан ИмамухIамадовас, Рукъият МухIамадовалъ, Савулбег ИмамухIамадовас, Муъминат МухIамадовалъ, Барият МухIамадовалъ, Залумхан ХIасановас ва Альбина Шамсудиновалъ.

Гьеб данделъиялде вачIине рес рекъечIо хъулухъалъул ишаз гIедегIун магIарухъе ине ккарав районалъул бетIер МухIамад ГIабдулаевасе. Гьесул рахъалдаса баркалаги, гьаризесел ишазе битIккейги, икъбалги гьараб ва министралъулгун букIараб дандчIваялъул ва култураялъул хIалтIухъабазда церелъурал масъалабазул бицараб кIалъай гьабуна культураялъул управлениялъул нухмалъулей, гьеб данделъи гIуцIарай Мадина СагIидовалъ. Халкъияб Собраниялъул депутатал СултанахIмад Ибрагьимовасги ГIабас Къебедовасги бицана гIагараб районалъул тIолабго жамагIат цолъун, гьанкун, ккаралъур хIалае рахъун, гьуинлъиялда рукIине ккеялъул ва гьелъул кIварцIикIараб бутIа культураялъул хIалтIухъабазда тIаде кколебльи. Данделъи махшалида бачана машгьурав артист Къурбан КIулизановас. РакIал хIайран гьарурал кучIдул ахIана тIадехун рехсарал гьунарчагIаз. ШигIраби цIалана ва магIарул швантIихалда макънал рачана шагIир ГIалихIажи МухIамадовас.

Анкьракьалъул бечедаб маданиятги адабиятги Дагъистаналдаги гьеб бахун къватIибги тIибитIизабизе, бихьизабизе ва цебетIезабизе гьира-щавкъалъ ракIал цIезаруераб данделъи гIуцIарай гIагараб ракьалъул унго-унгояб патриот, жигарай яс Мадина СагIидовалъе ракI-ракIалъулаб баркала буго! МагIарул кици буго: "ЖамагIатулъул газа кьурдаги рекIунин". КIудияб божилъиги, хьулги, ракIчIейги буго ЛъаратIа районалъул культураялъул хIаракатчагIазул гьунарги, гьайбатаб кочIол гьаракьги, тирияб кьурдиги, ракIал хIайран гьарулел макъналги магIарулаздаги республика бахун къватIибги жеги гIемер рагIилин.

**Россиялъул Хъваларухъабазул**
**Союзалъул член**
**ГIалихIажи МУХIАМАДОВ**

ДандчIвай

# СанигIортIа росулъ цIияб школа базе буго



*Байбихьи 1-аб. гьум .*

ГIабдурахIим АхIмадов: « Дица районалъул нухмалъиялъул кумекалда ракIарулел руго киналго хIажатал документал, школа базе байбихьизе рес щолел. СанигIортIа школалда цIалдолезе щибаб къоялъ хIинкъи буго бокьараб къед бихххун щвеялдаса. Нижеца бищунго хъашаб бакIалда ремонт гьабун, бихичIого чIезабун бугошколалъул мина. Щибаб къоялъ ниж хIалтIулел руго гьеб суал рагIалде бахинабиялда тIад» - ян абуна директорас.

МухIамад ГIабдулаев: « Нижеца бищун буго СанигIортIа росу бакьулъ цо мустахIикаб, лъикIаб бакI школа базе. Лъай кьеялъул министерствоялъ кIудияб кумек гьабулеб буго школа баялъул хIалтIи рагIалде бахинабизе. Жакъасеб къоялъ гIицIго документазул гIадлу гьаби гурони хутIун гьечIо. Школа базе байбихьизе буго исана ихдалго».

Поэзия

**ГIалихIажи МухIамадов**

## Анкьракь

Дуде буго рокьи, тIадмагIаруллъи,-
ТIокIкIарал иццазул лъаразул чили,
Бакъуде керен кьун, цIоралде мугъ чIван
ГIасраби тIамулеб, гIагараб Анкьракь.

ЦIумаз бусен лъолеб борхалъудаса,
ТIадегIан умумуз рарал росаби.
Риидалги гIаздалъ рахчарал мугIрул,
Кьураби ссун унел гьалагал гIорал.

Нужеде дир салам хъудулел рохьал,
ХъахIлъарал мугжузул гIакъилал херал,
РекIел бацIцIалъиги гIаданлъи – яхIги,
ХIур хъвазе течIего цIунарал васал.

Дир урхъараб салам магIарулазде,
МагIнаги гIакълуги кIкIалгIан гъваридал,
Умумузул цIарги бацIцIадаб ничги,
БатIиял чваххияз чуризе течIел.

Анкьракьалъул васал, анкьго нартавлъун,
Цоцалъ гъункун рихьи буго дир анищ.
Аллагьги, иманги, инсул ВатIанги,
Нужей тIабгIлъун рати, бугодир мурад.

## Авар мацI

Дица тIоцебесеб рагIи абуна,
Дица тIоцересел кучIдул ахIана,
МагIнаги бакъанги кIкIалгIан гъваридаб,
ЧIагояб, гIагараб авар мацIалда.

Бокьула, гIагараб авар мацI дие,
Дулъ мугIрул иццазул бацIалъи буго.
Дулъ цо гугьар буго, рекIей къабулаб,
Дулъ цо тIагIам буго дие рекъолеб.

Дулъ лъол кьурабазул, кьвари – сси буго,
Мун магIарулазул бечелъи буго.
Шавкъалда бицунеб авар мацIалъул,
Чили чваххун унеллъаразул буго.

Дунялалъул тIолго мацIаздаса дий,
МагIарул цо рагIи хирияб буго.
Дий гIагараб буго авар мацIалъул,
Абизе захIматаб магIарул цо хIарп.

Биччанте гIасрабаз гьаб тIалъиялда,
БацIадаб авар мацI цIунун хутIизе.
Биччанте кIкIалабахъ гъугъазе гьаракь,
АхIулел кучIдузул авар мацIалда.

## Къварид валагьула

Къварид валагьула цIияб гIелалъухъ,
РекIелъ хIинкъи, бакIлъи буго хIенсолеб.
КIоченетечIого хутIилародай,
Умумуз цIунараб гьал наслабазулъ.

КъватIиса бачIунелъ кверде босулеб,
ЦIияб гIелалъ цIунун бажариладай.
Авар миллаталъул къадруги ссиги,
МагIарул хаслъиги, гIадат – гIамалги.

МагIида рангIаги хутIилародай,
Ханжар, тIагъур, тIамур, буртина, чухъа.
Чода кьили лъезе, пурцил гIоркь кквезе,
Лъалареб гIелалъул къисмат кинабдай.

Гьазул бертабалъа инадай тIагIун,
Зурмаги, къалиги, хехаб кьурдиги.
ХутIиладай лъора, мугIрул каранда,
МагIарул росаби, гьенире нухал.

МагIарул мацIгин цIар кIочене тани,
КIудияб щвеларищ нилъее рогьо?
Щибдай къачIан бугеб къисматалъ метер,
Къолоцоабилеб къарнуялъ нилъей?

## Щвана магIарухъе

Дун нахъойги щвана тIадмагIарухъе,
ТIабигIат беричаб Инсухълъиялде.
ТIокIкIарал иццазги хъахIал лъаразги,
Авар гIор гIуцIцIулел рорхалъабазде.

ЦIоралде мугъцурал залимал мугIруз,
ХъахIал тIагърал жеги рахъун гьечIоан.
Хьудулел рохьазда рорхатал гъутIби,
Их кватIиялъ жеги гIицIго ругоан.

ЦIорол гъаталъукьан рорчIун, чIаголъун,
ХъахIлъаразул буго батIияб бакъан.
Бакъул хинал чIорахъ гIашикъал маккал,
ТIохрагIалда руго гьур-гьур бачунел.

Бокьула магIарухъ их бачIунелъул,
ТIабигIат цIилъулеб гьайбатаб сурат.
Гвангъун щвараб бакъги, къватIахъ гонгалги,
Къадал ракьандасан баккараб мичIчIги.

## КIочонге магIарулав

МагIарулав, дуда воре, кIочонге,
МагIаруллъи – нилъер гIумрудул авал.
Лъобабуго ияхI, магIарул намус,
МагIарул мацIгин махI ва нилъер хаслъи.

Лъора кьурабазда хурхун росаби,
ГIодор расалъаби рацарал рохьал.
ХъахIилал зобазда роржунел цIумал,
Мокъокъазул къвакъвай, гIунсбузул гьищтIи.

Лъора рагъабазда милъирщабаца,
СокIкIарал рукъзабахъ чIичIилел тIанчIи.
ТIохда тIамур кIутуIкн гIолохъанчияс,
Йокьулей ясалъе ахIулеб сарин.

Сардилъ зодир цIваби – гвангъарал цIаял,
Бакъуде руссарал цIорол рагъаби.
ЦIияб къо къалъанин гIигIулел хIелкал,
Рогьалилъ щвараб бакъ, щенон балеб цIад.

МагIарулав, дуда кIочонге мугIрул,
МагIарул росаби – гIумрудул авал.



*ОМВД по Тляратинскому району сообщает:*

# «Оружие – выкуп»

**УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!**

**Отдел МВД России по Тляратинскому району ставит Вас в известность, что с 1 февраля по 31 декабря 2022 года на территории Республики Дагестан согласно требовании приказа МВД по Республике Дагестан №105 от 18 января 2022 года проводится специальное операция под условным названием «Оружие – выкуп».**

На основании вышеизложенного и руководствуясь постановлением Правительства Республики Дагестан от 24 апреля 2014 № 184 и от 19 апреля 2018 № 33, информируем население Тляратинского района Республики Дагестан о том, что граждане имеют права на возмездной основе сдать незаконно хранящие и найденное огнестрельное оружия, боеприпасы и взрывчатые вещества.

Постановлением Правительства Республики Дагестан за №361 от 29.12.2021 года «О внесении изменений в приложение к постановлению Правительства Респ. Дагестан от 24 апреля 2014 года №184», плата за выкуп установленная ранее, увеличена;

Лицо, добровольно сдавшее оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества и взрывные устройства, освобождаются от уголовной ответственности.

Гражданам, добровольно сдавшим незаконно хранящееся у них оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества и взрывные устройства устанавливается денежные вознаграждение в размере:

1. **Пистолет или револьвер** – до 55 000 рублей;
2. **Автомат** – до 80 000 рублей;
3. **Пулемет** – до 75 000 рублей;
4. **Подствольный гранатомет** – 45 000 рублей;
5. **Ручной противотанковый гранатомет** – 45 000 рублей;
6. **Одноразовый гранатомет или огнемет** – 45 000 рублей;
7. **Винтовка СВД** – до 60 000 рублей;
8. **Пистолет-пулемет** – до 55 000 рублей;
9. **Охотничий карабин** – 15 000 рублей;
10. **Охотничье гладкоствольное ружье** – 4 500 рублей;
11. **Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства** – 1 500 рублей;
12. **Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства** – до 2000 рублей;
13. **Пистолеты и револьверы кустарного производства** – до 10 000 рублей;
14. **Самодельное стреляющее устройство** – 1000 рублей;
15. **Взрывчатое вещество** (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм – 8 рублей;
16. **Взрывное устройство** (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) – 3 000 рублей;
17. **Средство взрывания** (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу – 300 рублей;
18. **Штатный боеприпас** (выстрелы к артиллерийскому вооружению) – 3000 рублей;
19. **Выстрел к РПГ** - 3 000 рублей;
20. **Выстрел к подствольным и станковым гранатометам** – 2 500 рублей;
21. **Ручная граната** – 2 500 рублей;
22. **Мина** – 1 500 рублей;
23. **Патроны и боеприпасы** к боевому стрелковому оружию – 15 рублей;
24. **Винтовка типа Мосина** – 15 000 рублей.

Для добровольной сдачи оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств следует обращаться в любой орган внутренних дел.

Порядок выплаты денежного вознаграждения гражданам за добровольную сдачу предметов вооружения

1. Для получения вознаграждения гражданин, изъявивший желание добровольно сдать незаконно хранящееся оружие, боеприпасы, взрывчатые



вещества и взрывные устройства на возмездной основе, обращается в соответствующий территориальный орган.

2. При обращении гражданин одновременно с добровольной сдачей незаконно хранящихся предметов вооружения предоставляет в орган внутренних дел:

- заявление о выплате денежного вознаграждения на имя начальника соответствующего территориального органа.
- копию документа, удостоверяющего личность, с предъявлением оригинала;
- для изучения и сверки с данными указанными в заявлении – документ, подтверждающий открытие лицевого счета в кредитной организации, с информацией о номере лицевого счета, банковскими реквизитами.

3. Организацию работы по подготовке документов необходимых для выплаты вознаграждений гражданам за добровольную сдачу оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств возложить на постоянно действующие комиссии территориальных органов по контролю за приемом изъятых, добровольно сданных, найденных предметов вооружения (далее - комиссии), созданные в соответствии с приказом МВД России.17.12.2012 №1107.

4. После приёма, осмотра, проведения предусмотренных действующим законодательством проверок, представленные материалы рассматриваются комиссией, на которой определяется техническое состояние добровольно сданных предметов вооружения и сумма денежного вознаграждения.

5. Окончательное решение комиссии оформляется заключением о техническом состоянии сдаваемого гражданином оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ, взрывных устройств и определении вознаграждения за их сдачу.

6. Начальником органа внутренних дел перед утверждением заключения, а также председателем и членами комиссии перед его подписанием проверяется достоверность указанных в заключении и проекте заявки сведений (паспортные данные заявителя, расчет суммы оплаты, а также расчетные счета заявителя и банка, ИНН, КПП, БИК).

7. Заверенные печатью территориального органа копии заявления гражданина, документа, удостоверяющего личность, а также заключения и проекта заявки в двух экземплярах направляются в Центр ЛРР Главного управления в течение 3 рабочих дней со дня утверждения заключения, один экземпляр указанных документов хранится в органе внутренних дел в течение 4 лет.

Одновременно разъясняем Вам, что незаконный оборот оружия является главным катализатором преступности, поскольку противоправные действия с оружием и боеприпасами являются факторами, способствующими совершению убийств, разбоев, бандитизма, терактов и других насильственных преступлений.

Уголовным кодексом РФ предусмотрена ответственность за незаконное хранение оружия, его основных частей и боеприпасов (ст. 222 УК РФ). Предметами преступлений являются огнестрельное оружие, его основные части, боеприпасы, взрывчатые вещества и взрывные устройства. Под огнестрельным оружием понимаются все виды боевого, служебного и гражданского оружия, в том числе изготовленные самодельным способом и конструктивно предназначенные для поражения цели снарядом. К огнестрельному оружию не относят газовое, холодное, метательное, пневматическое, стартовое, сигнальное оружие, гражданское гладкоствольное оружие, а также изделия, конструктивно сходные с оружием.

К гражданскому оружию Федеральный закон "Об оружии" N 150-ФЗ относит оружие, предназначенное для использования гражданами РФ в целях самообороны, для занятий спортом, охотой, а также в культурных и образовательных целях. К оружию самообороны отнесены огнестрельное гладкоствольное длинноствольное оружие, огнестрельное оружие ограниченного применения и газовое оружие. Под незаконным хранением оружия и других предметов преступления следует понимать нахождение указанных предметов в помещении, тайниках, иных местах, обеспечивающих их сохранность.

Передача оружия, находящегося на законном основании у его владельца, другому лицу во временное пользование для совершения им преступления квалифицируется как пособничество по ч. 5 ст. 33 УК РФ и соответствующей статье Особенной части УК РФ.

Нахождение оружия и других запрещенных предметов в транспортном средстве без соответствующего разрешения квалифицируется как хранение или ношение в зависимости от обстоятельств дела.

За незаконное хранение оружия уголовный закон предусматривает наказание в виде: ограничения свободы на срок до трех лет, либо принудительными работами на срок до четырех лет, либо арестом на срок до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до четырех лет со штрафом в размере до восьмидесяти тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до трех месяцев либо без такового.

Кроме того, аналогичная уголовная ответственность наступает и в случае незаконного приобретения, передачу, сбыт, перевозку или ношение оружия. Важно помнить, что лицо, добровольно заявившее органам власти о местонахождении огнестрельного оружия при реальной возможности дальнейшего его хранения, освобождается от уголовной ответственности за незаконное приобретение или хранение оружия.

Под добровольной сдачей оружия следует понимать сдачу оружия по своей воле независимо от мотивов. Следует помнить, что если владение оружием прекратилось (продано, подарено, утрачено, похищено), то согласно требованиям ст. 6 ФЗ "Об оружии" запрещается хранить патроны к гражданскому оружию, которым лицо уже не владеет.

Кроме того, в случае если ранее выданное разрешение на хранение или ношение оружия аннулируется, то патроны в порядке ст. 27 ФЗ "Об оружии" подлежат незамедлительному изъятию органами внутренних дел. В силу ст. 238 Гражданского кодекса РФ это необходимо сделать в течение года.

По всем интересующим Вас вопросам Вы можете позвонить на номер 99-65-69 – дежурная часть; 99 65 73 УР, 99-65-71 – ОУУП и ПДН; или же участковому уполномоченному полиции обслуживающих Ваш участок.

**С уважением,**
**Начальник ОМВД России по Тляратинскому району подполковник полиции**
**ШАМИЛОВ Г.Д.**
21.01.2022 г.

# Операция «Оружие» по Республике Дагестан

**Одним из основных направлений деятельности органов внутренних дел Российской Федерации в сфере обеспечения правопорядка и общественной безопасности является профилактика правонарушений обеспечение.**

Учитывая, произошедшие трагические события в 2021 году в образовательных учреждениях г.Казани Республики Татарстан и г.Перми, в целях реализации поручения Президента РФ Путина В.В. от 22.06.2021 №ПРС-413 «О профилактических мерах в сфере оборота оружия» и недопущения подобных происшествий на территории Республики Дагестан в период с 11 декабря 2021 года по 30 ноября 2022 года на территории Республики Дагестан проводится комплексная проверка владельцев гражданского огнестрельного оружия.

Постановлением Правительства России от 21.07.1998 № 814 «О мерах по регулированию оборота гражданского и служебного оружия и патронов к нему на территории Российской Федерации» утверждены «Правила ношения, хранения, транспортирования оружия и патронов на территории Российской Федерации».

Хранение оружия и патронов разрешается юридическим и физическим лицам, получившим в органах внутренних дел разрешения на хранение, или хранение и использование, или хранение и ношение оружия. Юридические лица после получения в органах внутренних дел разрешений на хранение или на хранение и использование оружия в порядке, установленном Министерством внутренних дел Российской Федерации, обязаны хранить оружие и патроны в условиях, обеспечивающих их сохранность, безопасность хранения и исключающих доступ к ним посторонних лиц.

Ношение и использование оружия осуществляется на основании выданных органами внутренних дел лицензий либо разрешений на хранение и ношение, хранение и использование конкретных видов, типов и моделей оружия с учетом ограничений, установленных Федеральным законом "Об оружии": а) должностными лицами государственных органов и лицами, подлежащими государственной защите, - в порядке, установленном федеральным законодательством; б) работниками юридических лиц с особыми уставными задачами - при исполнении служебных обязанностей; в) работниками организаций независимо от формы собственности, занимающихся оленеводством в районах Крайнего Севера и приравненных к ним местностях, специализированных предприятий, ведущих охотничий или морской зверобойный промысел, - для охраны поголовья оленей от крупных хищников, добычи охотничьих животных, китообразных и ластоногих; г) гражданами Российской Федерации - во время охоты, проведения спортивных мероприятий, тренировочных и учебных стрельб, а также в целях самообороны; д) военнослужащими и сотрудниками государственных военизированных организаций, находящимися на пенсии, лицами, награжденными оружием, - на основании записи в разрешении на хранение и ношение оружия "Разрешено постоянное ношение оружия"; е) работниками

подразделений Российской академии наук, проводящих полевые работы, связанные с геологоразведкой, охраной природы и природных ресурсов в районах Крайнего Севера и приравненных к ним местностях, - при исполнении служебных обязанностей во время проведения указанных работ.

Юридические лица имеют право транспортировать принадлежащие им оружие и патроны на основании разрешений органов внутренних дел, выдаваемых в порядке, установленном Министерством внутренних дел Российской Федерации. Для транспортирования оружия и патронов юридические лица обязаны: а) согласовать с органами внутренних дел по месту учета оружия и патронов маршрут движения и вид транспорта; б) обеспе-

Продолжение на 4 стр .

Нужер кагътал

# Операция «Оружие» по Республике Дагестан

Начало на 3 стр .

чить сопровождение огнестрельного оружия в количестве более 20 единиц и (или) патронов к огнестрельному оружию в количестве более 20 тысяч штук в пути следования охраной в количестве не менее одного человека, вооруженного огнестрельным оружием. Без сопровождения охраной, вооруженной огнестрельным оружием, допускается транспортирование спортивного огнестрельного оружия и (или) патронов к нему спортсменами, тренерами и иными работниками спортивных организаций и образовательных организаций, занимающимися видами спорта либо физкультурно-оздоровительной и спортивно-педагогической работой, которые связаны с использованием спортивного огнестрельного оружия, и назначенными ответственными за транспортирование оружия и (или) патронов; в) транспортировать оружие в заводской упаковке либо в специальной таре, которая должна быть опечатана или опломбирована.

Ответственность на нарушение Правил ношения, хранения, транспортирования оружия и патронов на территории Российской Федерации предусмотрена ст. 222 УК РФ «Незаконные приобретение, передача, сбыт, хранение, перевозка или ношение оружия, его основных частей, боеприпасов.» и ст. 20.10 КоАП РФ «Незаконное изготовление, приобретение, продажа, передача, хранение, перевозка, транспортирование, ношение или использование оружия, основных частей огнестрельного оружия и патронов к оружию если эти действия не образуют уголовно наказуемого деяния».

**Уважаемые жители Тляратинского района!**

Просим Вас, сообщить:

в дежурную часть ОМВД России Тляратинскому району по номерам:

**+7(8722)55-78-15**
**+7-965-491-96-99**

участковому уполномоченному, обслуживающему Ваш населенный пункт, информацию о фактах незаконного хранения огнестрельного оружия и боеприпасов к нему, взрывчатых веществ и взрывных устройств, о фактах незаконного приобретения, хранения, реализации огнестрельного оружия.

**ОМВД России по Тляратинскому району**

# Информация

## о приеме заявок и условиях республиканского конкурса на лучший антитеррористический контент

**Министерство информации и печати Республики Дагестан объявляет прием заявок на участие в республиканском конкурсе на лучший антитеррористический контент (далее - Конкурс). Конкурс проводится в соответствии с государственной программой Республики Дагестан «Комплексная программа противодействия идеологии терроризма в Республике Дагестан».**

**ЦЕЛЬ КОНКУРСА** – усиление активности медиасообщества Республики Дагестан, направленной на информационное противодействие идеологии терроризма в Республике Дагестан.

Участниками Конкурса могут быть электронные, печатные средства массовой информации, сетевые издания Республики Дагестан, рекламные агентства, а также авторы (авторские коллективы), чьи материалы антитеррористической направленности были опубликованы, размещены в эфире, в сети Интернет в 2022 году.

**Номинации Конкурса:**

— Документальный фильм, теле-/ радиопередача, цикл теле-/ радиопередач, размещенные в теле-/радиоэфире.

— Публикация, цикл публикаций, размещенные в социальных медиа (пост, видеоролик, вайн).

— Публикация, цикл публикаций в печатном и интернет-СМИ (статья, очерк).

Требования к конкурсным работам (материалам):

Общий объем печатных работ – не менее 1 полосы формата А3, видеоматериалы и аудиоматериалы представляются на электронном носителе. Материалы могут быть на русском языке и на языках народов Дагестана. К материалам на языках народов Дагестана должны быть приложены переводы на русском языке в печатном варианте. Ссылки на публикации в сети Интернет предоставляются в виде цветных скриншотов, содержащих браузерную строку с читаемой ссылкой на материал, и активной гиперссылки на материал, а также скриншотов со статистикой, содержащей информацию о количестве сохранений, пересылок, комментариев и др.

Работы оценивает Конкурсная комиссия из представителей министерств, ведомств, средств массовой информации и общественных организаций Республики Дагестан.

Основанием для участия в Конкурсе являются представленные в Комиссию собственноручно заверенные авторами, или их уполномоченными представителями, или руководителями СМИ заявки для участия в Конкурсе.

**Состав заявки:**

— заявление (свободная форма) автора, или его уполномоченного представителя, или руководителя СМИ на имя министра информации и печати Республики Дагестан.

— конкурсная работа (материал).

— данные об охвате материалом аудитории в Республике Дагестан, данные о тональности восприятия материала.

**Срок приема заявок – с 15 февраля по 30 июня 2022 г.**

Комиссия рассматривает поданные в срок заявки и объявляет победителей до 10 июля 2022 г.

Для победителей Конкурса учреждаются премии в номинациях:

— «Документальный фильм, теле- /радиопередача, цикл теле-/ радиопередач». Общий фонд составляет 150 тыс. руб., включая: первая премия — 70 тыс. рублей, вторая — 50 тыс. рублей, третья - 30 тыс. рублей.

— Публикация, цикл публикаций, размещенные в социальных медиа (пост, видеоролик, вайн). Общий фонд составляет 130 тыс. руб., включая: первая премия 60 тыс. рублей, вторая — 40 тыс. рублей, третья — 30 тыс. рублей.

— «Публикация в печатном и интернет-СМИ». Общий фонд составляет 120 тыс. руб., включая: первая премия — 50 тыс. рублей, вторая — 40 тыс. рублей, третья — 30 тыс. рублей.

Награды присуждаются за глубокое и яркое освещение тематики, профессионализм и оригинальность подачи материалов, степень охвата аудитории, активность пользователей (комментарии).

**Журналистские и авторские работы направляются по адресу:** г. Махачкала, ул. Насрутдинова, 1а (2-й этаж), каб. 8, Министерство информации и печати РД, отдел по работе со СМИ.

Копии материалов направляются на электронный адрес: konkurs@mininformrd.ru.

**Информация предоставляется по телефону + 7 963 418 72 51.**

Итоги Конкурса обнародуются в республиканских средствах массовой информации и на сайте министерства http://mininformrd.ru.

Положение о Конкурсе размещено на сайте министерства http://mininformrd.ru в разделе «Документы», подраздел «Конкурсы и гранты».

## Объявление

Аттестат №189197 от 25.06.1995 г выданный Исмаиловой Раисат Халировне Тохотинской средней школой об окончании 9 класса утерян. Документ считается недействительным.

Литературияб бокIон:

**СайгидахIмад АХIМАДНАБИЕВ**

# Эбелги, дурцги, нусги

*Байбихьи цебесеб номералда*

Гьайги, ракIалъе рахIат гьечIого йикIарай чIужу, яхъанила рокъоб чIухь базе. Цинги хантIан ракIалде бачIанила, вацасул хъизаналъ эбелалда лъураб бугътан. ЯхIго гьабизе кIвечIого, ахирги якканила эбелалъул бусалъе.

Эбелалъул къаданиб басрияб квербацIалда жемараб, жеги хинлъилел гьанал кесеказда квер щванила гьалъул. Радал берцинго макьидаса жеги йорчIичIей эбелалда цееги эхетун, квешаб семи гьабунила ясалъ: «Гьаб квен бикьи дур ругьунаб гIамал букIун буго гурищ! Вацасул рагIуда божичIого ячун йикIана мун дица гьание, гьадинаб жо букIизе бегьулеб жойищ бугеб!? Дун дур йикIаниги гьадав дурц чияр чи гурищ вугев. Щай дуца гьаб сурукъаб гIамал толареб? Дуе кванасе жо кьоларогойищ нижеца бугеб?», – ин.

ТIубанго ракI бекарай гьай пакъиралъ рагIулеб-рагIулареб гьаркьидалъун абунила ясалде: «Херлъидал гьединаб, квер мекъаб, гIамал баккун буго дилъ, дир яс, цIакъго чияда суриледе, дун дирго эбел-инсул хутIараб колоде швезе гьае дуца», – ян.

Гьеб харбида нахъаса гIенеккун вукIарав дурцас, гьебсагIат ун, хераб хIама кьолонила. Цинги ясалъги дурцасги хIамидаги рекIинаюн, гьелъул ретIел-хьитгун цадахъ гьай пакъир, гIадан-чи дагьаб колода парахат гьаюнила.

Гьедин жиндирго пикрабазде юссун, магIу ххун, хинкI кванан анила хералъул чанго къо. Цебе тIамулаанила гьарималда, доб ракъараб заманаялъ, жинцаго кваначIого, чияе хIалтIабиги гьарун щвараб квен, лъимал школалдаса рачIинелде, гьезие цIунун толеб букIараб куц. Ва жинцаго ретIизе барахщун нахъе лъун тун букIараб, жиндие бахIарлъуе гьабун букIараб, ясалъе гьитIин гьабун букъун кьураб гурде. Росасул хутIараб къачIан, лъутIун, цогидаздаса ратIликьищ телеван, васасе гьабураб костюм-тIажу. Гьел унтараб мехалъ, базаралдеги ун, бичараб кIудияб эбелалъулго нахъе хутIун букIараб гIарцул рачел, гьеб бичун щвараб гIарцухъ дарабиги росун ячIунаго, нухда бараб кIудияб гIаздалъ хутIун, жиндирго хIатIил килщал цIорораб куц. Амма кин бугониги, пикрабазулъцин лъималазде гIайиб биччазе кIвечIила гьаримай эбелалда. ХIилла-макру щибжоями лъазе течIого, тарбия кьурал дир лъимал, данде чIвараз махсароде ккун, хIилла-макруялда божизарулел ругилан гьабунила гьалъ хIукму.

– Дидаго буго гIайиб, я васасда бицине кIвечIо нусалъул хIилла, я ясалда бицине кIвечIо дурцасул хIилла, – ян жийго жиндаго кIалъалей йикIулаанила пакъир.

Гьединал пикрабазда гьай йикIадго, гьеб колода цо къоялъ бецIлъи рехиндал ячIанила пуланай цо чIужугIадан, жиндирго пихъил хиса-баси гьабизевн цоги росулъе уней йикIарай. ЦохIого ятарай хералъухъеги рещтIун, хабар-кIалалда рукIадго, гьелъул пашманлъи бихьарай гьалъ цIех-рех гьабунила.

«Мун кин ккарай чIужу гьаб гIадан-чи гьечIеб колоде? Дур лъимал гьечIищ? ГIагарал хутIичIищ? Дидехун чуче дурго къварилъи, мун цIакъго хIалуцун, ракI къварилъун йихьулей йиго дида, дуеги бигьалъила, ракIги чучила», – абун кIалъанила гьай хералде.

Жаниб захIмалъараб, нусалъулги дурцасулги къадараб гIамалалъул, гьезда божарал жиндир лъималазулги, гьай гьарималъги бицанила гьоболалда.

Базаралдаса тIад юссарабго, гьей гIаданалъ ният гьабунила, гьей кIодол лъимал ругеб бакIги цIехон, хералда бугеб къварилъи гьезда бицине ва гьезул хIалихьалъиялъул бадиб чIвай гьабун ягьизе. БакъвараБ накIкIил гьветI гIадин, жийго жиндаго колода хутIарай херай магIарулалъул къисматалъ рахIат хвезабурай гьей щванила цIехон адресгун гьелъул лъималазухъе ва кинабго бицанила гьезда.



Заманго иналде, гьеб хабар хIакълъун лъарав васас, чIужуги йиччан, эбел колодаса жиндаго аскIойги ячун хъулухъ-адаб гьабун хьихьанила. Росасасул хIалихьалъи лъарай ясги, гьесдаса ятIалъун нахъе ячIанила.

**ХАДУБ РАГIИ:**

*Киналго херлъизеги руго, киназдаго дурцалги нусабиги рихьизе руго.*

*Нужеца гIодосанго адабалда, яхIнамусалда куцай васалги ясалги, ай, нужерго лъимал. Васасе мина – карт балагоги, ясалъе къайи-цIа богьулеги гьарулел харжалги заманги даг гьабун, гьезие тарбия кьолаго ва гIелму-адаб малъулаго гьабулеб цIикIкIинабе.*

*Гьеб мехалъ рахьина яхI-намус бугел ирсилал нилъер.*

*Аллагь гурхIаги киназдаго! Амин..!!!*

*Гьаб бицен диеги интернеталда батараб буго, гьалъул хIакъикъияв автор дида лъаларо.*

ГЛАВНЫЙ РЕДАКТОР
Раджабов Расул Абакарович
Газета гIуцIарал:
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ
Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372

Газета отпечатана в типографии ООО **"Издательство "Лотос" по адресу: 367018, РД, г. Махачкала, пр. Петра 1, 61**
Время подписания в печать: *по графику: 19.00; фактически: 19.00.*
Подписано в печать *24. 02. 2022*
Заказ ___________